

Office of the Taxpayer Rights Advocate (Biwo Defansè Dwa Kontribiyab)


Èske ou gen difikilte pou rezoud yon pwoblèm taks nan mwayen regilye yo nan Tax Department (Depatman Taks)?

Antan yon òganizasyon endepandan ki nan depatman an, Office of the New York State Taxpayer Rights Advocate (Biwo Defansè Dwa Kontribiyab Eta New York) angaje pou ede kontribiyab Eta New York yo lè yo ekilibre èd kontribiyab yo kont efò aplikasyon. N ap koute ou, n ap aprann pwoblèm ou oswa enkyetid ou, epi n ap travay avèk ou nan yon efò pou rezoud pwoblèm yo.

Bagay ki pi grav ou kapab fè se lè ou pa peye yon bòdwo taks oswa lè ou pa peye dèt taks ou. Anvizaje aplike nan biwo a pou jwenn èd.

Kontakte Defansè Dwa Kontribiyab:

- Ale sou Sitwèb nou
- Rele nimewo [518] 530-HELP



Konnen dwa ou yo anvan ou pran sèvis yon preparatè taks

Pifò preparatè taks aji nan limit lalwa epi yo trete kliyan yo avèk onètete. Men gen kèk ki pa fè sa.

Tiliv sa a gen enfòmasyon enpòtan sou fason pou pwoteje tèt ou lè ou pran sèvis yon preparatè taks.

Pou fè yon plent sou yon preparatè taks:

- Ale sou Sitwèb nou
- Rele nimewo [518] 530-HELP

Si preparatè taks ou nan Vil New York, kontakte NYC Department of Consumer Affairs (Depatman Afè Konsomatè Vil New York) depi ou rele

- 311 [si ou nan Vil New York], oswa
- [212] NEW-YORK [si ou pa nan Vil New York]

Pou kesyon jeneral sou taks:

- Ale sou Sitwèb nou
- Rele nimewo [518] 457-5181

www.tax.ny.gov

Pub 135-HAI (9/13)

New York State Department of Taxation and Finance (Eta New York Depatman Taksasyon ak Finans)

Consumer Bill of Rights (Deklarasyon Dwa Kliyan)

Konsènan Preparatè Taks



Anvan ou pran sèvis yon preparatè taks:

- mande yon estimasyon alekri pou tout frè w ap gen pou peye yo
- poze kesyon sou kalifikasyon li
- mande si preparatè taks ap ranpli fòm deklarasyon taks ou sou fòm elektwonik
- mande si preparatè taks la ap reprezante ou si y ap fè odit sou ou

Yon preparatè taks pa ta dwe janm fè okenn nan sa ki anba la a:

Yon preparatè taks pa ta dwe janm prepare fòm taks ou san li pa revize dosye apwopriye, tankou enfòmasyon sou depandan ou, sou depans gadri ou, oswa sou depans kou prive ou.

Yon preparatè taks pa ta dwe janm mande ou pou siyen

- yon fòm deklarasyon taks ki vid
- yon fòm deklarasyon taks ki pa konplè
- yon fòm deklarasyon taks ki gen fo enfòmasyon ladan
- yon fòm deklarasyon taks ki gen enfòmasyon ou pa konprann

Yon preparatè taks pa ta dwe janm fè ou peye yon frè apa pou ranpli fòm deklarasyon taks New York ou sou fòm elektwonik.

Yon preparatè taks pa ta dwe janm garanti

- ou pral resevwa yon ranbousman taks
- IRS oswa New York State Tax Department (Depatman Taks Eta New York) p ap fè odit sou ou

Lè fòm deklarasyon taks ou ranpli:

- revize tout sa ki nan fòm deklarasyon taks ou anvan ou siyen li
- asire preparatè taks ou siyen fòm deklarasyon taks la tou
- ou resevwa papyè ou te bay li yo, tankou kopi tout deklarasyon taks final ou yo
- resevwa yon resi ki gen adrès ak nimewo telefòn preparatè taks la
- asire ou konprann kisa ki nan fòm deklarasyon taks la

Kisa yon Refund Anticipation Loan (RAL) (Prè Anvan Penan Ranbousman) ye?

Yon RAL se yon prè ki gen anpil enterè kote enstitisyon prè a ap fè ou peye enterè ak frè, sa k ap redui ranbousman taks sou revni ou.

Anvan ou fè yon akò pou pran yon RAL, preparatè taks ou dwe ba ou yon deklarasyon alekri ki eksplike:

- non enstitisyon k ap prete ou lajan an
- ou pa gen obligasyon pou pran yon RAL pou ou kapab resevwa ranbousman taks ou
- kantite lajan frè ak enterè ou gen pou peye si ou pran yon RAL
- kantite lajan ou pral resevwa apre yo retire frè yo ak enterè a, ak kantite lajan ranbousman w ap resevwa si ou pa pran yon RAL

Ou responsab pou tout kantite lajan an prè a, menmsi li pi plis pase ranbousman ou.

Preparatè taks ou dwe siyen RAL Disclosure Form (Fòm Divilgasyon Enfòmasyon sou RAL) epi li dwe mete nimewo idantifikasyon inik li ladan.

Tout diskisyon konsènan RAL dwe fèt nan lang oumenm ak preparatè taks la itilize sitou.

Kisa yon Refund Anticipation Check (RAC) (Chèk Anvan Ranbousman) ye?

Yo RAC se yon chèk oswa peman ki pèmèt ou resevwa lajan ranbousman ou. Yo retire frè RAC yo nan ranbousman ki parèt sou fòm deklarasyon taks ou.

Frè yo gen ladan frè pou preparasyon taks la ak yon frè pou RAC.

Anvan ou fè yon akò pou jwenn yon RAC avèk yon preparatè taks, preparatè taks la dwe ba ou yon deklarasyon alekri sou enfòmasyon yo ki eksplike:

- ou pa gen obligasyon pou pran yon RAC pou ou kapab resevwa ranbousman taks ou
- kantite lajan frè ak enterè ou gen pou peye si ou pran yon RAC

Preparatè taks ou dwe siyen RAC Disclosure Form (Fòm Divilgasyon Enfòmasyon sou RAC) epi li dwe mete nimewo idantifikasyon inik li ladan.

Tout diskisyon konsènan RAC dwe fèt nan lang oumenm ak preparatè taks la itilize sitou.



www.tax.ny.gov